



BOSTON RESILIENCY FUND

Fon Rezilyans Boston (The Boston Resiliency Fund) bay finansman pou òganizasyon san pwofi k ap sipòte kominote, fanmi ak endividi nan Vil Boston k ap sibi enpak pandemi kowonaviris ki pi imedyà ak san pwopòsyon.

PRIYORITE AKTYÈL YO:

- bay manje ak reponn ak bezwen fondamantal timoun, fanmi, ak granmoun aje Boston yo
- pote sipò pou premye entèvenan yo, moun k ap travay nan premye ran yo ak pwofesyonèl sante yon fason pou yo ka fè travay yo nan fason efikas epi fè pwomosyon sante piblik.

KRITÈ FON AN:

- Travay ak yon popilasyon ke Fon Rezilyans lan sibler, ak yon vizyon ekite.
- Te demontre kapasite pou sèvi rapidman ak efikasman rezidan Boston ki pi vilnerab yo.
- Ajisteman oswa ogmantasyon sèvis pou reponn ak bezwen moun Boston pandan kriz sa a.
- Genyen yon plan anplas pou egzekite ak ofri sèvis san danje (asire distans sosyal, elatriye.).

KIYÈS FON AN EDE:

Fon Rezilyans Boston an pral sipòte òganizasyon san pwofi k ap sèvi youn nan popilasyon sib nou yo, sa ki genyen ladann:

- granmoun aje ak timoun,
- moun sanzabri,
- imigran san papye,
- rezidan ki genyen konpetans limite nan Anglè,
- premye entèvenan, moun k ap travay nan premye ran, ak pwofesyonèl sante,
- moun andikape,
- fanmi ki genyen salè fèb, ak
- kominote koulè.

Y ap aksepte Fòm Deklarasyon Enterè sou baz woulman. Pou plis enfòmasyon, vizite [boston.gov/resiliency-fun](https://boston.gov/resiliency-fund)